

KONSÈNAN NALOXONE (NARCAN)

Naloxone se yon medikaman san danje ki kapab defèt yon òvèdòz opyoïd.

Li mache sou **opyoïd** sèlman (tankou ewoyin, fentanyl ak kalman sou preskripsyon yo) men li **san danje pou itilize**, menm si pa gen opyoïd.

ENPÒTAN: Di lòt moun yo ki kote ou konsève naloxone ou ak fason pou itilize li

VERIFYE SI GEN ÒVÈDÒZ


Siy òvèdòz opyoïd yo gen ladan:

- San reyaksyon oswa san konesans
- Respirasyon ralanti oswa kanpe
- Po bouch oswa zong ble, gri oswa blan
- Wonfleman oswa son gazouye

Verifye si gen reyaksyon anvan ou bay naloxone lan:


- Rele byen fò nan zòrèy moun lan.
- Si pa gen okenn reyaksyon, graje jwenti dwèt ou sou zo biskèt li (fwotman sou estènòm).

Si pa gen okenn reyaksyon pou fwotman sou estènòm lan, genyen yon ijans!



ETAP REPONS POU ÒVÈDÒZ

- 1. Rele 911 pou jwenn swen medikal:** Di yo gen yon moun ki p ap respire.
- 2. Bay naloxone:** PA eseye aparèy la—ou ka sèvi ak chak aparèy yon sèl fwa.



Okenn asanblaj pa nesesè. Pouse piston an pou flite nan yon twou nen.


Si pa gen reyaksyon nan 2 minit, bay yon dezyèm dòz.

3. San pèdi tan, bay yon souf sekou oswa CPR (Reyanimasyon Kadyo-pilmonè) si ou konn kijan yo fè li. Nan tisak lan gen yon pwotèj pou figi.

- Enkline tèt la dèyè epi penche nen an.
- Bay de (2) souf, pandan ou ap gade si pwatrin lan monte.
- Kontinye bay yon souf chak senk (5) segonn.



4. Pozisyon Rekiperasyon: Lè ou p ap bay naloxone ni souf sekou, mete moun lan kouche sou kote pou anpeche li toufe.



APRE OU FIN BAY NALOXONE

Rete ak moun lan jiskaske swen medikal rive.

- Naloxone aji pandan 30 a 90 minit epi li ka lakòz sentòm moun ki an mank (sevraj) jiskaske li disparèt.
- Si moun lan pran plis dwòg, li pwobableman p ap bese sansasyon moun ki sou mank la, men sa ka ogmante risk pou yon lòt òvèdòz.

Rapòte itilizasyon naloxone lan bay pwogram kote ou te resevwa li an, oswa itilize aplikasyon Stop OD NYC an.

Pran yon nouvo tisak si ou te itilize youn oswa plis dòz oswa lè naloxone la ekspire.

SIPÒ

Kontakte NYC Well 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn pou jwenn naloxone oswa pou jwenn sipò pou itilizasyon sibstans oswa pou sante mantal.

Rele nan 888-692-9355

Tekste "WELL" nan 65173

Tchat sou entènèt nan nyc.gov/nycwell

Epitou, ou kapab gade nan **OASAS HOPEline** nan 877-846-7369, tekste HOPENY nan 467369 oswa al gade nan oasas.ny.gov/treatment

NYC
Health

**KISA
NALOXONE YE?
WHAT IS NALOXONE?**



NYC
Health